


Kijan pou aplike pou estati pwoteksyon tanporè

(How to Apply for Temporary Protected Status)



Fèy enfòmasyon sa a pale sou yon estati imigrasyon kout tèm ki rele estati pwoteksyon tanporè. Pafwa yo rele li TPS. Fèy enfòmasyon sa a di ou:

- Ki moun ki ka aplike pou estati pwoteksyon tanporè.
- Kisa ou ka fè si ou jwenn estati pwoteksyon tanporè.
- Etap yo pou aplike pou estati pwoteksyon tanporè.

Pou li fèy enfòmasyon sa a nan lang angle oswa yon lòt lang, ale vizite:

lawhelpmn.org



Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.



Ki moun ki ka jwenn estati pwoteksyon tanporè

Ki sa ki se yon estati pwoteksyon tanporè?

Li se yon estati imigrasyon kout tèm. Ou ka aplike pou li si gouvènman ameriken an panse li danjere pou moun ki soti nan peyi w retounen lakay ou. Danje a ta ka soti nan yon dezast natirèl, lagè, oswa ajitasyon sivil. Gouvènman ameriken an kenbe yon lis tout peyi kote moun yo kalifye pou estati pwoteksyon tanporè. Lis la disponib sou sitwèb USCIS la nan: uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status Peyi ki sou lis sa a chanje.

Si ou vle estati pwoteksyon tanporè, ou dwe aplike pou li. Ou pa jwenn li otomatikman paske peyi lakay ou sou lis la. Moun ki gen estati pwoteksyon tanporè ka viv ak travay legalman nan peyi Etazini jiskaske gouvènman ameriken an panse li an sekirite pou yo ale lakay yo.

Estat pwoteksyon tanporè PA bay yon moun yon estati imigrasyon pèmanan. Men, ou ta ka kapab renouvle estati pwoteksyon tanporè ou si peyi lakay ou rete sou lis la. Pale ak yon avoka imigrasyon si ou vle rete pi lontan Ozetazini.

Èske mwen kalifye pou estati pwoteksyon tanporè?

Gen 4 bagay ou bezwen pou aplike pou estati pwoteksyon tanporè. Ou dwe:

1. **Fè soti nan yon peyi ke Etazini te mete sou lis pou estati pwoteksyon tanporè.** Sa vle di ke gouvènman ameriken an deside li pa an sekirite pou moun retounen lakay yo nan peyi sa a. Lè w aplike, w ap bezwen dokiman pou pwouve nasyonalite w. Si w gen de nasyonalite, pale ak yon avoka imigrasyon anvan w aplike pou estati pwoteksyon tanporè.
2. **Ap viv fizikman Ozetazini lè yo mete peyi w sou lis la.** Yo rele sa gen « prezans fizik. » Epitou ou dwe gentan rete antanke yon rezidan Ozetazini pou peryòd tan ki nan lis la. Yo rele sa gen « prezans kontinye. » Si ou te vwayaje andeyò peyi Etazini pre oswa pandan dat kalifikasyon yo, pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou aplike pou estati pwoteksyon tanporè.
3. **Aplike avan dat limit aplikasyon an.** Gen yon peryòd tan kout lè gouvènman ameriken an ap aksepte aplikasyon pou estati pwoteksyon tanporè. Yo anonse dat limit aplikasyon

an sou sitwèb USCIS la nan: uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status Ou dwe aplike anvan dat limit la. Si w rate dat limit la, pale ak yon avoka imigrasyon.

4. **Gen yon dosye kriminel pwòp.** Ou pa kapab genyen plis pase de kondanasyon pou deli. Ti vòl oswa kondwi san asirans machin se deli. Pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou admèt yon krim, ou dakò pale ak lapolis oswa yon avoka, oswa ou peye yon sitasyon. Si yo te kondane ou pou nenpòt krim, pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou aplike pou estati pwoteksyon tanporè.

Si mwen jwenn estati pwoteksyon tanporè, konbyen tan li ta dire?

Sa depann. Ou elijib sèlman pou estati pwoteksyon tanporè pandan peyi ou nan lis la. Yon peyi ka rete sou lis la pou yon ti tan oswa pou lontan. Si te gen yon dezast natirèl nan yon peyi, li ta ka sou lis la pou 3 mwa. Si gen yon lagè k ap dire lontan nan yon peyi, li ta ka sou lis la pou dezane. Ou gen pou renouvle estati ou chak fwa peyi lakay ou re-ajoute nan lis la.



Egzanp : Sofia te kite Ikrèn akòz lagè.

Peyi Ikrèn te mete sou lis estati pwoteksyon tanporè (TPS) depi avril 2022 jiska oktòb 2023 akòz lagè. Sofia te fèt nan Ikrèn. Li te kite l e li te vini nan Minnesota an janvye 2023. Sofia te aplike pou TPS. Li te akòde TPS jiska oktòb 2023. Nan mwa Oktòb 2023, gouvènman ameriken an te pwolonje plas Ikrèn sou lis la jiska avril 2025. Sofia te oblije re-aplike pou TPS ak otorizasyon travay pou kenbe estati li.

Ki peyi ki sou lis estati pwoteksyon tanporè a?

Lis la chanje. Pou konnen si peyi ou nan lis la:

1. Ale sou sitwèb USCIS la: uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status
2. Klike sou "Peyi ki deziyen kounye a pou TPS" pou wè lis la.

Si ou gen yon estati pwoteksyon tanporè, tcheke sit entènèt la chak jou pou wè si gouvènman ameriken an pwolonje tan peyi w la sou lis la. Kòmanse tcheke 3 mwa anvan estati pwoteksyon tanporè ou ekspire.

Kilè dat limit pou aplike pou estati pwoteksyon tanporè ye?

Dat limit aplikasyon sa a diferan pou chak peyi. **Si w rate dat limit la, pale ak yon avoka imigrasyon.** Pou jwenn dat limit aplikasyon an:

1. Ale sou sitwèb USCIS la: uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status

2. Klike sou "Peyi ki deziyen kounye a pou TPS" pou wè lis la.

Chwazi peyi w. "Peryòd Enskripsyon an" se dat limit la si w ap aplike pou premye fwa. "Peryòd Re-Enskripsyon an" se dat limit la si w ap renouvle TPS ou a.

Tablo sa a dekri diferan dat ak dat limit pou estati pwoteksyon tanporè. Li eksplike sa chak nan yo vle di.

Kategori	Kisa sa vle di
TPS Deziyen Jiska (TPS Designated Through):	Dat TPS la fini pou moun ki soti nan peyi sa a. Sa a aplike pou moun k ap aplike pou premye fwa <u>ak</u> moun ki renouvle TPS yo.
Peryòd Re-Enskripsyon (Re-Registration Period):	Dat ou dwe aplike pou renouvle TPS ou a. Se pa tout peyi ki pral gen dat sa a. Sa a se pou moun ki deja gen TPS.
Peryòd Enskripsyon (Registration Period):	Dat ou dwe aplike pou TPS si w ap aplike pou premye fwa.
Dokiman Otorizasyon Travay (EAD) Pwolonje Otomatik Jiska (Employment Authorization Document (EAD) Auto-Extended Through):	Si ou gen otorizasyon travay kounye a, sa a se dat li pral ekspire. Ou dwe renouvle otorizasyon travay ou lè ou renouvle TPS ou. Men, ou ka kontinye travay pandan aplikasyon w lan annatant. Sa a se pou moun ki deja gen TPS.
Rezidans kontinyèl nan Etazini depi (Continuous Residence in United States Since):	Ou dwe rete Ozetazini depi dat sa a pou w aplike. Ou pa ka deplase nan yon lòt peyi epi tounen. Sa a aplike pou moun k ap aplike pou premye fwa <u>ak</u> moun ki renouvle TPS yo.
Prezans fizik kontinyèl nan Etazini depi (Continuous Physical Presence in United States Since):	Ou kapab sèlman te vwayaje andeyò Etazini pou vwayaj "brèf, aksidantèl, ak inosan" depi dat sa a. Sa a aplike pou moun k ap aplike pou premye fwa <u>ak</u> moun ki renouvle TPS yo. Si w te vwayaje andeyò peyi Etazini depi dat sa a, pale ak yon avoka imigrasyon anvan w aplike pou estati pwoteksyon tanporè.
Dat Deziyasyon TPS (TPS Designation Date):	Dat gouvènman ameriken an te premye ajoute peyi sa a nan lis TPS la. Sa a aplike pou moun k ap aplike pou premye fwa <u>ak</u> moun ki renouvle TPS yo.
Dat aktyèl deziyasyon TPS (Current TPS Designation Date):	Dat gouvènman ameriken an re-sètifye peyi sa a nan lis TPS la. Se pa tout peyi ki pral gen dat sa a. Sa a aplike pou moun k ap aplike pou premye fwa <u>ak</u> moun ki renouvle TPS yo.

Èske mwen ka travay si mwen gen estati pwoteksyon tanporè?

Wi, SI ou aplike pou otorizasyon travay. Ou pa jwenn pèmasyon otomatikman pou travay si ou gen yon estati pwoteksyon tanporè. Ou dwe aplike pou otorizasyon travay an menm tan ou aplike pou estati pwoteksyon tanporè. Gen enstriksyon pou aplike pou otorizasyon travay nan pati "Etap pou aplike" nan fèy enfòmasyon sa a. Si ou bezwen renouvle estati pwoteksyon

tanporè ou, ou dwe renouvle otorizasyon travay ou an menm tan. Ou ka kontinye travay pandan y ap revize aplikasyon w lan.

Èske mwen ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon?

Ou ka aplike pou estati pwoteksyon tanporè san w pale ak yon avoka. Li se yon bon lide pou pale ak yon avoka anvan ou aplike si:

- Ou gen doub nasyonalite. Egzanp : Ou se yon sitwayen Somalyen epi ou te fèt nan peyi Letiopi.
- Ou rate dat limit aplikasyon an.
- Ou te kondane pou nenpòt krim.
- Yo te mande w pou w plede koupab pou yon krim oswa pou w peye yon sitasyon.
- Ou te vwayaje andeyò peyi Etazini pre oswa pandan dat kalifikasyon yo.
- Ou vle viv ak travay Ozetazini pou tout tan.
- Ou gen kesyon sou kalifikasyon ou pou estati pwoteksyon tanporè.

Kisa k ap pase si yo retire peyi mwen an sou lis TPS lan?

Si yo retire peyi lakay ou sou [lis peyi ki gen TPS](#), pale ak yon avoka touswit! Ou ka kalifye pou lòt kalite èd imigrasyon. Yon avoka ka pale avè w sou opsyon ou genyen yo. Avoka w la kapab di w tou si gen nenpòt pwòses tribinal ki retade oswa anpeche fen TPS la pou peyi w la.

Ki kote mwen ka jwenn yon avoka pou ede m?

Chèche avoka gratis ak klinik legal sou [LawHelpMN.org](#). Avoka gratis yo nan gwo demann. Ou pa garanti yon avoka gratis jis paske ou mande pou youn. Ou kapab tou pale ak yon avoka prive si ou gen mwayen pou peye anviwon \$200 pou yon konsiltasyon.



Etap pou aplike

Kouman pou mwen aplike pou estati pwoteksyon tanporè?

Gen 4 etap pou aplike pou estati pwoteksyon tanporè.

Etap 1: Ranpli Fòm I-821.

Ale nan [uscis.gov/i-821](#) oswa eskane kòd QR la pou jwenn fòm nan. Tape repons ou yo oswa ekri yo ak lank nwa. Ekri repons ou yo nan lang angle.



Etap 2: Rasanble dokiman pou voye ak aplikasyon w lan.

Ou dwe voye dokiman ki pwouve ou kalifye pou estati pwoteksyon tanporè. **Rezon ki pi komen yo refize aplikasyon yo se paske moun pa voye prèv.** Voye 7 bagay ak aplikasyon pou estati pwoteksyon tanporè ou a:



- ☐ **Fòm I-821 ranpli.**
- ☐ **Kopi 1 dokiman ki pwouve idantite w.** Dokiman an dwe te pibliye pa gouvènman Etazini oswa yon lòt peyi. Si dokiman an pa an angle, ou dwe tradui l. Men kèk egzanp dokiman ki akseptab yo enkli:
 - Paspò ki montre foto w, non, ak dat nesans ou
 - Batistè ak pyès idantite ak foto
 - Visa ki soti nan yon konsila etranje
 - Dokiman otorizasyon travay anvan si w ap renouvle aplikasyon w lan **OSWA**
 - Dokiman idantite nasyonal ak foto w
- ☐ **Kopi 1 dokiman ki pwouve ou soti nan yon peyi sou lis estati pwoteksyon tanporè a.** Men kèk egzanp dokiman ki akseptab yo enkli:
 - Paspò ki montre foto w, non, ak dat nesans ou **OSWA**
 - Batistè ak pyès idantite ak foto
- ☐ **Kopi 1 a 3 dokiman ki montre w ap viv Ozetazini.** Ou ka voye 1 dokiman si se tout sa ou genyen. Li pi bon pou voye 3. Men kèk egzanp dokiman ki akseptab yo enkli:
 - Kontra lwaye
 - Dokiman ipotèk
 - Dosye medikal
 - Dosye lekòl pou oumenm oswa pou timoun ou yo (non ou dwe sou dosye yo)
 - Dosye travay
 - Lèt vwazen, kominote relijye, travay volontè
 - Resi acha ou te fè nan peyi Etazini.
 - Dosye transfè lajan
 - Dosye telefòn yo
 - Lapòs ou te resevwa nan yon adrès Etazini **OSWA**
 - Foto yo, si yo gen dat ekri pa yon kamara sou yo epi yo te pran Ozetazini
- ☐ **Ranpli Fòm I-765 (Sèlman SI ou vle aplike pou otorizasyon travay.)** Moun ki gen estati pwoteksyon tanporè yo gen dwa travay, men yo dwe aplike pou otorizasyon travay. Ranpli Fòm I-765. Li nan: uscis.gov/i-765. Ou dwe voye Fòm I-765 ak aplikasyon pou estati pwoteksyon tanporè w la. **PA voye li separeman.** LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou fason pou aplike pou otorizasyon travay. Ale nan: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/how-get-permission-work-minnesota.

- ☐ **De foto paspò idantik 2" x 2" (Sèlman SI w ap aplike pou otorizasyon travay).** Ou ka pran foto paspò nan magazen tankou CVS, Wal-Mart, oswa Target.
- ☐ **Frè OSWA yon aplikasyon pou egzansyon frè.** Veye yon moni odè oswa chèk. Yon moni odè se pi bon fason pou peye. Frè yo apati janvye 2025 yo endike anba a. Frè yo

ka chanje. Anvan ou poste aplikasyon w lan, tcheke sitwèb [USCIS la](#) pou asire w ou voye frè ki kòrèk la.

- **Si w ap aplike pou estati pwoteksyon tanporè pou premye fwa a:** Gen yon frè \$50 pou aplike ak yon frè byometrik \$30. SI w ap aplike tou pou otorizasyon travay, gen yon frè adisyonèl \$520.
- **Si w ap aplike pou renouvle estati pwoteksyon tanporè ou:** Gen yon frè byometrik \$30. SI w ap aplike tou pou otorizasyon travay, gen yon frè adisyonèl \$520.
- **Si ou pa kapab peye frè yo, aplike pou yon egzansyon frè.** Sèvi ak menm fòm [I-912 la](#) pou aplike pou estati pwoteksyon tanporè ak egzansyon frè otorizasyon travay. Sitwèb LawHelpMN a gen yon fèy enfòmasyon sou fason pou aplike pou yon egzansyon frè. Ale sou: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/immigration-fee-waivers-0

Etap 3: Fè yon kopi aplikasyon w lan.

Fè yon kopi Fòm I-821 ak dokiman aplikasyon w lan. Sere kopi a pou tèt ou.

Etap 4: Voye aplikasyon w lan bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS).

- Poste aplikasyon an nan adrès ki koresponn ak peyi w la. Ale sou: uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status Klike sou "Peyi ki deziyen kounye a pou TPS." Chwazi peyi w pou w jwenn adrès postal la.
- Peye pou suivi acha (trakin) lè w poste aplikasyon w lan. Asire w ke w jwenn prèv oswa yon resi lè yo delivre l.

Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.

Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòm.

© 2025 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodui dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsonèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.